



LÒD IJANS

POU ANE LEKÒL 2020-2021 LA

Evalyasyon Egzanpsyon pou Gradyasyon, Pwomosyon Klas ak Fleksibilite Adisyonèl



9 Avril 2021, Komisyonè Edikasyon Florid la, Richard Corcoran, te pibliye Lòd Ijans 2021-EO-02 ki bay fleksibilite pou distri lekòl nan tout eta Florid pou adrese tès evalyasyon elèv yo nan prentan 2021 an akòz difikilte pandemi an. Pami lòt sijè, lòd ijans lan adrese gradyasyon pou elèv katriyèm ane segondè yo, pwomosyon elèv yo avèk desizyon pou elèv klas, ak prim bousetid 'Bright Future'.

Pou gide fanmi nan Lekòl Leta Miami-Dade County sou enplikasyon òdonans ijans lan, Distri nou an prepare kesyon ak repons sa yo.

1. Kijan Òdonans Ijans sa a afekte elèv ki pap gradye nan prentan 2021 yo?

Distri a rekòmande pou tout elèv patisipe nan evalyasyon leta yo pou asire plasman apwopriye nan klas yo ak dispozisyon pou sèvis sipò apwopriye. Lòd Ijans sa a sèlman bay fleksibilite konsènan kondisyon tès yo pou pwomosyon twazyèm ane ak pou elèv ki ap gradye nan prentan 2021 an. Kondisyon tès yo toujou an plas pou tout lòt gwoup elèv ki ap gradye yo.

2. Ki konsekans si yon elèv twazyèm ane eskolè pa kapab pase 'Florida Standards Assessment' (Evalyasyon Estanda Florid) nan Lang Anglè (FSA ELA)? Èske l ap pase pou katriyèm ane?

Jan nou endike anwo a, Distri a rekòmande pou tout elèv patisipe nan evalyasyon eta a pou asire plasman apwopriye nan klas ak dispozisyon pou sèvis sipò apwopriye yo. Sepandan, si yon elèv twazyèm ane eskolè pa kapab pase evalyasyon eta a, Distri lekòl la ap itilize lòt evalyasyon oubyen metòd disponib pou administratè lekòl yo, tankou dosye travay elèv, pou detèmine si elèv la ka monte nan katriyèm ane eskolè. Daprè Dekrè Egzekitif la, yon elèv ka monte nan katriyèm ane si Distri a kapab detèmine yon elèv ap pèfòme omwen nan Nivo 2 nan evalyasyon 'ELA' a atravè pwosesis egzansyon pou bon kòz ki prevwa nan Règleman Florid 1008.25 oubyen nenpòt lòt mwayen rezonab pou bay prèv sou pèfòmans elèv la.

3. Ki kritè yo pral itilize pou detèmine si yon elèv lekòl segondè ka gradye?

Elèv ki espere gradye nan prentan 2021 an kapab fè sa si yo satisfè tout kondisyon gradyasyon yo eksepte kondisyon tès yo (Evalyasyon Estanda Florid nan Lang Anglè 10yèm ane ak egzamen Fen Ane nan Aljèb I). Daprè Dekrè Egzekitif la, yon distri lekòl gen dwa refize evalyasyon eta a ki nesèsè pou gradyasyon, si distri a detèmine, nan ka ki patikilye, dosye lekòl segondè elèv la etabli yon nivo siksè konparab e satisfèzan. Elèv yo dwe kontakte konseye lekòl yo pou asire yo satisfè tout kondisyon gradyasyon yo.



LÒD IJANS

POU ANE LEKÒL 2020-2021 LA

Evalyasyon Egzanpsyon pou Gradyasyon, Pwomosyon Klas ak Fleksibilite Adisyonèl

- 4.** Kisa ki pral rive nan kondisyon pou ranpli kantite èdtan volontè pou kalifye pou bousetid 'Bright Future' (Florida Academic Scholars and Florida Medallion Scholars awards, Florida Gold Seal Vocational Scholars award, ak Florida Gold Seal CAPE Scholars award)?

Elèv yo ap konsidere yo te ranpli kondisyon sa a si yo 1) ranpli kantite èdtan sèvis yo; 2) te planifye, ak gen entansyon, pou ranpli kantite èdtan sèvis yo anvan elèv la gradye lekòl segondè, men yo pa t kapab fè sa paske pandemi an te kreye yon mank aksè nan opòtinite volontè; oswa 3) si, akòz enkyetid sou sante, elèv yo pa t fè kantite èdtan sèvis volontè yo. Dokimantasyon nenpòt nan sikonstans sa yo dwe konsidere kòm prèv elèv yo ranpli kantite obligatwa èdtan sèvis volontè pou kalifikasyon pou bousdetid. Elèv yo ta dwe kontakte konseye lekòl yo pou plis enfòmasyon.

- 5.** Èske dat limit pou tès SAT/ACT/PERT yo ap pwolonje pou elèv k ap aplike pou bousetid 'Bright Future' la?

Wi, dat limit la pou tès SAT/ACT/PERT pou elèv ki gradye nan ane lekòl 2020-21 ak aplike pou bousetid 'Bright Future' a pwolonje jiska premye desanm 2021. Seksyon nan tès SAT, ACT, oubyen PERT la (PERT la sèlman aplike pou prim Florida Gold Seal Vocational Scholarship) ki tonbe nan diferan dat tès yo ka kontinye itilize pou satisfè kritè tès yo jiska premye desanm 2021. Elèv yo dwe kontakte konseye lekòl yo pou plis enfòmasyon.

- 6.** Si yon elèv ap pran yon kou ane sa a ki gen yon Egzamen "End-of-Course (EOC)" (Egzamen Fen Kou) ki detèmine 30% nan nòt final kou a, ki konsekans si elèv la se pa kapab pran egzamen EOC a?

Pwomosyon klas ak nòt final pou kou ki gen yon EOC yo ap detèmine atravè pèfòmans elèv la nan kou an. Kondisyon 30% EOC la ap aplike nan dènye nòt yon elèv nan kou a sèlman si li AMELYORE dènye nòt elèv la. Sa a sèlman aplike nan kou elèv yo pase avèk siksè nan ane lekòl 2020-2021 la.

- 7.** Èske elèv gradye lekòl segondè yo ap kapab resevwa diplòm deziyasyon si yo pa kapab pran evalyasyon eta a ane sa a?

Elèv ki espere gradye nan sezon prentan 2021 an e ki pa t kapab pran evalyasyon eta yo ap toujou kapab resevwa diplòm deziyasyon yo kalifye pou yo si yo te ranpli tout lòt kondisyon yo. Yo te anile demand pou itilize evalyasyon eta yo. Elèv yo dwe kontakte konseye lekòl yo pou plis enfòmasyon.



LÒD IJANS

POU ANE LEKÒL 2020-2021 LA

Evalyasyon Egzanpsyon pou Gradyasyon, Pwomosyon Klas ak Fleksibilite Adisyonèl

8.

Kòman yo pral detèmine nòt lekòl yo?

Distri lekòl yo ka patisipe nan gen youn oubyen plis nòt lekòl pou ane 2020-2021an oubyen aplike pousantaj evalyasyon amelyorasyon lekòl pou tout rezon legal yo. Pou elijib pou w patisipe, lekòl la dwe teste 90 pousan oubyen plis nan elèv ki elijib li yo. Lekòl ki pa patisipe yo ap kenbe nòt lekòl yo te genyen anvan COVID oubyen pousantaj evalyasyon amelyorasyon lekòl la. Lekòl yo dwe aplike pou patisipe nan espas trant jou apre yo fin plibiye tout done tèl leta yo.

9.

Kòman yo pral evalye anplwaye enstriksyonèl ane sa a?

Dekrè Egzekitif Ijans la kontinye demand legal la pou enkli endikatè pèfòmans elèv nan evalyasyon anplwaye ansèyman yo. Pou rezon sa a, M-DCPS ap kolabore ak Sendika Pwofesè Dade yo pou detèmine si pou yo itilize VAM oubyen done altènatif Distri a pou endikatè pèfòmans elèv yo pou asire yo konsidere kondisyon evalyasyon tanporè sa yo nan evalyasyon anplwaye ansèyman. M-DCPS gen entansyon bay anplwaye ansèyman evalyasyon konbine ann otòn yon fwa yo fin revize e analize tout done yo.

10.

Kòman yo pral evalye administratè lekòl yo ane sa a?

Dekrè Egzekitif Ijans la te kontinye demand legal la pou enkli endikatè pèfòmans elèv yo nan evalyasyon administratè lekòl yo. Pou rezon sa a, M-DCPS pral detèmine si yo ap itilize VAM oubyen lòt done altènatif Distri a kòm endikatè pèfòmans elèv pou asire yo konsidere kondisyon evalyasyon tanporè sa yo. M-DCPS gen entansyon bay administratè lekòl yo evalyasyon konbine ann otòn yon fwa yo revize e analize tout done yo.



mdcps



miamischools



dadeschools.net